"اَللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ الْقَبْرِ، وَمِنْ عَذَابِ جَهَنَّمَ، وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَى وَالْمَمَاتِ، وَمِنْ شَرِّ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَّالِ"

***"Я дир Алла́гь, хІакълъунго дица Дудасан цІуни тІалаб гьабула дун цІунейин; хабал гІазабалдасан, жужахІалъул гІазабалдасн, чІаголъиялъул ва хвелалъул питнаялдаса, ва жиндир цояб бер бецав Дажалил (гьерсихъан) питнаялдасанги"***

хирияб буго салам кьелалде цебе дуего бокьараб дугІа гьабизе, масала:

"اَللَّهُمَّ أَعِنِّي عَلَى ذِكْرِكَ وَشُكْرِكَ وَحُسْنِ عِبَادَتِكَ"

"***Я дир Алла́гь, гьабе дие кумек Мун рехсезе ва Дуе шукру гьабизе, ва букІине кколеб хІалалъ Дуе гІибадат гьабизе***"

"اَللَّهُمَّ إِنِّي أَسْأَلُكَ الْجَنَّةَ وَأَعُوذُ بِكَ مِنَ النَّارِ"

***"Я дир Алла́гь, хІакълъунго дица гьарула Дудасан Алжан ва тІалабги гьабула Дуца дун цІунейин жужахІалъул цІаялдасан"***

(12) Биче как саламги кьун (кваранисан цинги квегІисан вусун) щибаб рахъалдехун абулаго: "اَلسَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللهِ"

***"Алла́гьасул цІобги ва Гьесул рахІматги лъеги нужода"***

(13) Как букІани лъабго ракагІаталъул – маркІачІул гІадаб, яги ункъго ракагІаталъул – къалъул, бакъанил ва боголил гІадаб, гьеб мехалъ цІале цохІо *Атташагьуд* (АттахІийа) цинги вахъа эхеде лъабабилеб ракагІат базе, накабаздаги ваччун (4.1/4.4-суртазда бугеб куцалъул гІаксалда) квералги рорхун (1-суртида бугеб куцалъ) дуца абулаго: "اَللهُ أَكْبَرُ"

(14) ЦІале цохІо *суратуль-Фа́тихІа*, цинги бай как цебе ккун бараб куцалъ, цинги цІале *Атташагьуд*; маркІачІул какил лъабабилеб ракагІаталъул ахиралда, ва ункъабилеб ракагІаталъул ахиралда; къалъул, бакъанил ва боголил каказул (цебе ккун рехсараб кІиго ракагІаталъул какилъ цІаларабго хІалалъ). ЧІа *Атташагьуд* цІализе тІоцебеселдаго чІараб куцалъ, амма цодагьабго батІияб хІалалъ, *таваррукги* гьабун: тІубанго гІодовги чІун квегІаб хІетІеги лъун кваранаалда гъоркь (цодагьаб къватІиб баккулеб куцалъ кваранаб рахъалъ), кваранаб хІетІеги бахъун чІезе гьабун (килщалги къиблаялдехун руссине гьарун) яги бегизе гьабун (гьаб кІиялъул бокьараб тІасан бищун гьабе, 8-суртида бихьине гьабураб куцалъ), цинги биче как саламги кьун.




**Как бай ракІги гІодоб биччан гІедегІичІого, цебе ккун рехсараб куцалъ тартибги цІунун.**

(15) КІарчанлъичІого щивав бусурман чияс кІвахІ бахъизе ккола щуябго паризаяб как мажгиталда жамагІатгун базе, къиямасеб къоялъ хвасарлъараздасан вукІине –амма суннатал какал рокъор разе хирияб буго.

(16) ЦІакъ бецциараб буго щивав бусурман чияс ва щияй бусурманай гІаданалъ къойил 12 *рава́тибазул* (паризаяб какалда цебе яги хадуб ралел) суннатал какал раялда тІад-чІей гьаби –сапаралда гьечІеб щинаб заманаялъ. Гьел: 2 ракагІат рогьалилалда цебе, 2+2 (ункъго) ракагІат къалъулалда цебе, 2 ракагІат къалъулалдасан хадуб, 2 ракагІат маркІачІулалдасан хадуб ва 2 ракагІат боголилалдасан хадуб (амма бакъанилалде цебе балеб 2 яги 4 ракагІат *рава́тибазда* жанир унаро, гьел цо-цо мехалъ рай ва цо-цо мехалъ тей суннаталдасан буго).

Гьезул (*рава́тибазул*) хиралъиялъул хІакъалъ МухІаммад ﷺ аварагас абуна: ***"Щив чи вугониги жинца анцІила кІиго ракагІат сордо-къоялда жаниб барав, хІакълъунго гьесие Алжаналъулъ рукъ бала гьездалъун"*** Имам Муслимица бицараб хІадис №728.

Амма сапаралда ругеб мехалъ рачІого тола; къалъул, маркІачІул ва боголил каказул *рава́тибал*, ва тІад-чІей гьабула рогьалилалда ва *витроялда* (сардил ахирисеб 1,3,... ракагІаталъул как).

(17) Какилъ кколел цо-цо гъалатІал:

1-Имамасда цере ккун кинаб бугониги жо гьаби, яги гьевгун цадахъ гьаби (жамагІатгун как балаго)

2-Зодорехун балагьи как балаго




## ЖАНАЗА КАК БАЯЛЪУЛ КЪАГІИДА

(1) Как бухье жаназаялъул (хварав чиясда тІад) как базе ниятги гьабун (кверлаги эхеде рорхун 1-суртидагІадин), *такбирги* гьабун дуца абулаго: "اَللهُ أَكْبَرُ" кверал лъе каранда (2-сураталъул цоялдагІадин), цинги цІале *суратуль-Фа́тихІа*.



(2) Гьабе кІиабилеб *такбир* (кверлаги эхеде рорхун 1-суртида-гІадин) дуца абулаго: "اَللهُ أَكْبَرُ" лъе кверал каранда (цебегогІадин), цинги цІале *Салават* МухІаммад ﷺ аварагасде.

(3) Гьабе лъабабилеб *такбир* кверлаги рорхун дуца абулаго: "اَللهُ أَكْبَرُ" лъе кверал каранда, цинги гьаре Алла́гьасда хварасул (жаназаялъул) мунагьал чуре абун хадуб ккун бачІунеб дугІаги цІалун:

"اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِحَيِّنَا وَمَيِّتِنَا وَشَاهِدِنَا وَغَائِبِنَا وَصَغِيرِنَا وَكَبِيرِنَا وَذَكَرِنَا وَأُنْثَانَا، اللَّهُمَّ مَنْ أَحْيَيْتَهُ مِنَّا فَأَحْيِهِ عَلَى الْإِسْلَامِ وَمَنْ تَوَفَّيْتَهُ مِنَّا فَتَوَفَّهُ عَلَى الْإِيمَانِ"

***"Я дир Алла́гь, рахче Дуца мунагьал нижер; чІаго ругезул ва хваразул, гьанир гІахьаллъаразул ва гьанир гьечІезул, гьитІиназул ва кІудиязул, бихьиназул ва цІуязул. Я дир Алла́гь, щив чи вугониги нижедасан Дуца жив чІаго тарав –кье гьесие тавпикъ исламалда рекъон хьвадизе, ва щив чи вукІаниги нижедасан Дуца жив хвезе гьавурав –хвезе гьаве гьев иманалда"***

(4) Гьабе *такбир* ункъабизеги кверлаги рорхун дуца абулаго: "اَللهُ أَكْبَرُ" кверал лъе каранда, цинги кье салам дуца абулаго:

"اَلسَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللهِ"

Жаназаялъул хІакъалъ МухІаммад ﷺ аварагас абуна: ***"Щив чи вугониги жив гІахьаллъарав жаназаялда тІад как базе хІакълъунго гьесие*** **къиратІ** (бакІлъи) ***буго, ва щив чи вугониги жив гІахІаллъарав жаназа букъун лъугьинегІан хІакълъунго гьесие кІиго*** **къиратІ** ***буго"*** Гьесда гьикъана: Щибха гьеб кІиго **къиратІ**? Гьес абуна: ***"КІиго кутакаб мегІергІанасеб*** (ай; кириялъул бакІлъи)***"*** аль-Буха́ри №1325 ва Муслим №945

Ва гьединго абуна: ***"Нуж гІедегІе жаназа*** (хварав чи) ***букъизе, гьеб лъикІаб букІун батани –гьеб лъикІлъиялде*** (ай; Алжаналъул нигІматазде) ***хекко щвезе, нагагь лъикІаб гьечІеб букІун батани –нуждасанго квешлъи тІаса ине гьабизе"*** аль-Буха́ри №1315 ва Муслим №944

Гьарула ТІадегІанав Аллагьасда, рацІад гьареян нилъер ниятал ва гьабейин гьаб хІалтІи бусурбабазе мупагІат бугеблъун. Я Аллагь, Дуца салам лъе МухІаммадида ва гьесда хадур рилъараздаги.

sual1430@yahoo.com Гъази ГІали-СултІан

رقم سجل لدى الادارة العامة للبحوث، والتأليف، والترجمة بالأزهر الشريف (17898)

بسم الله الرحمن الرحيم

21

ТІадегІанав Алла́гьас абуна:

﴿إِنَّ الصَّلَاةَ كَانَتْ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ كِتَابًا مَوْقُوتًا﴾ النساء– 103

**"ХІакълъунго как буго муъминзабазда тІаддаб, жиндий бихьизе гьабураб гІужалъ тІубазе"**

МухІаммад ﷺ аварагас абуна:

- "***Щив чи вугониги жинца какда тІад чІей гьабурав, гьесие гьеб букІине буго нурлъун, хІужалъун ва къиямасеб къоялъ хвасар-лъиялъе сабаблъун***" АхІмад №6540 ва Аддарими №2721
- "***Бусурман чиясдаги ва капурлъиялдаги ва ширкалдаги гьоркьоб буго как тей***" Муслим №82
- "***Бай нужеца как, дица балеб бихьараб куцалъ***" аль-Буха́ри №631

# АВАРАГАСУЛ, ﷺ, КАКИЛ СИФАТАЛЪУЛ БАЯН

## -КЪОКЪ ГЬАБУН-




www.islamic-invitation.com

صفة صلاة النبي ﷺ

-باختصار-

باللغة الداغستانية
-الأوارية-

بلغات العالم *50 لغة*
غازي بن علي سلطان الداغستاني
المتخرج من الجامعة الإسلامية بالمدينة المنورة
المدينة المنورة +966504352709
1432/2011 +201115587559

(1) Дуе бокьани ТIадегIанав Аллáгьасе гIоло как базе, хIакълъунго гьеб мехалъ дуда тIалъула; тIубанго хъублъиялдасан вацIалъун какий чурун вукIине, цинги къиблаялде (КагIба) вуссине тIубараб черхалъ кив мун вукIаниги –как байбихьаралдасан как тIубазегIан, ракIалъ къасдги (ниятги) гьабун дуе кинаб как базе бокьараб (парз яги суннат) – ракагIатазул рикIкIенгун.




(2) Бухье как (сужда гьабулеб бакIалдеги балагьун, квералги рорхун гъажал-бутIрузде яги гIундузул ахалъиялде ритIун щвезегIан, 1-суртидагIадин) *такбирги* (Аллáгь кIодо гьави) гьабун, дуца абулаго:

"اَللّٰهُ أَكْبَرُ" ***"Аллáгь бищун кIудияв вуго"***

(3) Кверал лъе вахъун чIун вугеб мехалъ каранда (кваранаб квегIалда тIад 2-сураталъул цоялдагIадин), ва цIале какилъ лъугьиялъул хадуб ккун бачIунеб дугIа:




"سُبْحَانَكَ اللّٰهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، وَتَبَــارَكَ
اسْمُكَ، وَتَعَالَى جَدُّكَ، وَلاَ إِلَهَ غَيْرُكَ"

***"Мун вацIадав вуго, ва рецци Дуе буго я дир Аллáгь! Хиралъана Дур цIар, ва тIадегIанлъана Дур кIодолъи, гьечIо лагълъи гьабизе мустахIикъав цохIо Мунгурони"***

цинги абе: "أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ"

***"Дица Аллáгьасдасан цIуни тIалаб гьабула жиб чIимхаца бачахъараб шайтIаналдасан цIунейин"***

цинги цIале *суратуль-ФáтихIа* (АлхIам):

﴿بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ﴿١﴾ اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ رَبِّ الْعَــالَمِينَ﴿٢﴾
الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ﴿٣﴾ مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ﴿٤﴾ إِيَّاكَ نَعْبُــدُ وَإِيَّــاكَ



نَسْتَعِينُ﴿٥﴾ اهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ﴿٦﴾ صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ
عَلَيْهِمْ غَيْرِ الْمَغْضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلاَ الضَّآلِّينَ﴿٧﴾ "آمِينْ"

**«1. Дица Аллагьасул цIаралдалъун байбихьи гьабула, дунялалъул рукъалда Жиндир гурхIел киназдаго щолев, ахираталда Жив муъминзабазда гурони гурхIуларев. 2.ТIолго рецц буго гIаламалъулго БетIергьан Аллáгьасе. 3.Жив ГурхIулев, Жив кутакалда ХIалимав. 4.Къиямасеб къоялъул Ханасе. 5.ЦохIо Дуе гьабула нижеца лагълъи, ва цохIо Дудасан тIалаб гьабула нижеца кумек-квербакъи. 6.ТIоритIе Дуца ниж битIараб нухде. 7.Жодое нигIматал кьурал чагIазул нухде, ва гьаруге Дуца ниж жодода цим бахъарал** (жугьутIал) **яги жал къосарал** (насраниял) **чагIазул нухдасан унездасан».** ***"Къабул гьабе"***

цинги цIале бокьараб бисмила яги дуда хIалкIваралгIан Къуръаналдасан аятал

(4) А рукугIалде (квералги рорхун 1-суртида бугеб куцалъ) дуца абулаго: "اَللّٰهُ أَكْبَرُ" (рукугIалда вугеб мехалъ мун вукIине ккола мугъги ва бетIерги битIун чIезе гьабун ва квералги лъун накабазда килщалги рикьизе гьарун 3-суртида бугеб куцалъ) цинги абе лъабцIул:




"سُبْحَانَ رَبِّيَ الْعَظِيمِ"

***"ВацIадав вуго дир Кутакав БетIергьан"***

(5) Борхе бетIер рукугIалдасан (квералги рорхун 1-суртида бугеб куцалъ) дуца абулаго:

"سَمِعَ اللهُ لِمَنْ حَمِـــدَهُ" ***"Жаваб гьабуна Аллáгьас Жиндие рецц гьабурасе"***

Цинги эхеде ворхун хадуб абе:

"رَبَّنَا وَلَكَ الْحَمْدُ، حَمْدًا كَثِيرًا طَيِّبًا مُبَارَكًا فِيهِ"

***"Я нижер БетIергьан, рецц буго Дуе, жиб –гIемераб, лъикIаб ва жиндилъ баракат бугеб"***

(6) А суждаялде дуца абулго: "اَللّٰهُ أَكْبَرُ"



тIоцере лъе накаби цинги кверал – хIалкIолеб бугони (4.1/4.4 - суртазда бугеб куцалъ), суждаялда вугебгIан мехалъ дур хIатIазулги ва кверазулги килщал рукIине ккола къиблаялдехун руссун, кверазул килщалги цоцалъ къан, квералги лъе гъажал-




бутIрузде яги гIундузде данде, рукьалги (гъуждул) рикIад гьарун хьалбаздасан (аскIов вугесе санагIат хвезе гьабулеб гьечIони –жамагIат балаго), чехьги рикIад гьабун мачIаздасан ва накабиги рикIад лъун цоцаздасан (чIужугIаданалъги гьабула бихьинчиясго гIадин, амма гьелъ черх данде бакIаризе ккола). Сужуд букIине ккола хадуб ккун рачIунел лугбалги гIодоре гъвазе (цузе) гьарун: нодо ва мегIер, кIиябго квер, кIиябго нако ва кIиябго хIатIил килщазда (5.1/5.4 -суртазда бугеб куцалъ)










хадуб абе лъабцIул:

"سُبْحَانَ رَبِّيَ الأَعْلَى"

***"ВацIадав вуго дир ТIадегIанав БетIергьан"***

беццараб буго киналниги суждабазда дугIа гьабизе (гIараб мацI лъалеб гьечIони



нилъерго мацIалъги бегьула гьаризе).

(7) Борхе бетIер суждаялдасан дуца абулаго: "اَللّٰهُ أَكْبَرُ" цинги гIодов чIа (квегIаб хIетIеги бегизе гьабун гьелда тIад гIодовги чIун ва кваранаб хIетIеги бахъун чIезе гьабун къиблаялдехун килщалги руссине гьарун, яги кIиябго хIетIеги бахъун чIезе гьабун гьезда тIад гIодовги чIун 6-суртида бугеб цояб куцги тIаса бищун) ва абе лъабцIул:

"رَبِّ اغْفِرْ لِي"

***"Я дир БетIергьан, рахче Дуца дир мунагьал"***




(8) Гьабе кIи-абизеги сужуд (5.1/5.4-суртазда бугеб куцалъ) дуца абулаго: "اَللّٰهُ أَكْبَرُ" цинги абе лъабцIул:

"سُبْحَانَ رَبِّيَ الأَعْلَى"

(9) Борхе бетIер сужудалдасан ва вахъа эхеде кIи-абилеб ракагIат базе накабаздаги ваччун хIалкIолеб бугони (гIаксан 4.1/4.4-суртазда бугеб куцалъ) дуца абулаго: "اَللّٰهُ أَكْبَرُ"

(10) ЦIале *суратуль-ФáтихIа* (АлхIам) ва бокьараб бисмила яги дуда хIалкIваралгIан Къуръаналдасан аятал (квералги лъун 2-сураталъул цоялдагIадин), цинги гьабе кинабниги жо тIоцебесеб ракагIаталда гьабураб куцалъ.

(11) Как букIани кIиго ракагIаталъул (рогьалил, рузманалъул ва гIидалъул яги






бокьараб сунатаб как), гьеб мехалъ гIодов чIа кIиабилеб сужда гьабун хадуб (7-суртазда бугеб куцалъ) цинги цIале *Атташагьуд* (АттахIия) (АттахIия буго чамалиго батIияб, гьаб буго гьездасан цояб):

"اَلتَّحِيَّاتُ لِلّٰهِ، وَالصَّلَوَاتُ وَالطَّيِّبَاتُ، اَلسَّلاَمُ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ
وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ، اَلسَّلاَمُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللهِ الصَّالِحِينَ.
أَشْهَدُ أَن لاَّ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ"

***"ТIолго кIодолъаби Аллáгьасе руго, какалги, лъикIал гIамалалги ва лъикIал рагIабиги цохIо Гьесие руго. Аллáгьас салам лъеги дуда я гьав Авараг ва Гьесул рахIматги ва баракатги рещтIаги дуде. Аллáгьас салам лъеги нижеда ва Гьесул лъикIал лагъзадерида. Дица нугIлъи гьабула, гьечIо хIакълъунго жиндие лагълъи гьабизе мустахIикъав цохIо Аллáгь гурони, ва жеги дица нугIлъи гьабула хIакълъунго МухIаммад Гьесул лагъ ва халкъалде дин малъизе витIарав Гьесул Чапар вукIиналда"***

циги цIале *Салават* (камá-саллайта) МухIаммад ﷺ аварагасде:

"اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى
إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ، اَللّٰهُمَّ بَــارِكْ
عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى
آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ"

***"Я дир Аллáгь, лъе Дуца цIоб МухIаммадида ва МухIаммадил агьлуялда, Дуца цIоб лъураб гIадин Ибрагьимида ва Ибрагьимил агьлуялда, хIакълъунго Мун вуго Дуе рецц гьабулев Мун кIодо гьавулев. Я дир Аллáгь, лъе Дуца баракат МухIаммадида ва МухIаммадил агьлуялда, Дуца баракат лъураб гIадин Ибрагьимида ва Ибрагьимил агьлуялда, хIакълъунго Мун вуго Дуе рецц гьабулев Мун кIодо гьавулев"***

цинги Аллáгьасдасан гьаре ункъго жоялдасан мун цIунейин –хадуб ккун бачIунеб дугIаги цIалун: